# БЕРДАҚ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕР

**Г.А.Тоқымбетова** –*үлкен илимий хызметкер излениўши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** адабий анъана, фольклор анъаналари, лирик қаҳрамон, шеър, лирика, анъана ва наваторлик.
**Ключевые слова**: литературная традиция, фольклорная традиция, образ, стих, лирика, традиция и новаторство.
**Key words**: literary tradition, folklore tradition, lyric hero, poem, lyricism, tradition and novelty.

Әдебияттаныўда «фольклорлық дәстүр» термини кең қолланылады. Бул термин тийкарында жазба әдебияттағы жеке дөретиўшиликти анықлаў мәселеси жатады. Қарақалпақ халкы фольклорлық дөретпелерге жүдә бай. Сонлықтан, бул халықтан өсип жетилискен шайыр-жазыўшылар дөретиўшилигинде фольклорлық үлгилер өнимли қолланылады. Фольклордан азық алып раўажланған қарақалпақ жазба әдебияты өзиниң раўажланыў тарийхында бир қанша басқышлардан өтеди. Фольклордан ажыралып жазба әдебияттың қәлиплесиўи қарақалпақ әдебиятында айрықша бир дәўир есапланады. Бул басқыш дүнья әдебиятында да үлкен орынға ийе. Бул басқыш, ягный фольклордан жекке дөретиўшиликке өтиў процеси қарақалпақ әдебияттаныўында «ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты» деп аталады. Бул дәўир әдебиятында фольклордағы таяр қәлиплер тиккелей қолланыла береди ҳәм әдебияттың тийкарғы жанры толғаўлар ҳәм термелер болып, авторлары–жыраў-шайырлар. Олар дөреткен терме-толғаўларын өзлери қобыз бенен жырлап айтады. Ал буннан кейинги әдебияттың раўажланыў басқышында қарақалпақ жазба әдебияты қәлиплеседи. Бул басқышта әдебиятта жаңа мазмун ҳәм жаңа көркем форма жүзеге келеди. Сонлықтан, бул дәўир әдебиятында индивидуаллық күшейеди. Бул басқыш қарақалпақ әдебиятының тарийхының XIX әсирине туўра келеди. Биз үйренбекши болып отырған Бердақ шайыр дөретиўшилиги усы дәўир әдебиятына тийисли. Бул дәўир әдебиятының қәлиплесиўинде ҳәм раўажланыўында Бердақтың шығармалары айрықша орын тутады. Соның менен бирге, соны да айтып өтиў керек, жазба әдебият пенен қатар бул дәўирде фольклорда теңдей раўажланды. Бул ҳаққында усы дәўир әдебиятын изертлеўши профессор Қ.Жәримбетов та өз изертлеўлеринде айтып өтеди [1]. Екинши тәрептен, қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында Хорезм мәдениятының, әсиресе Мақтымқулы шығармаларының тәсири күшли болады. Бердақ мине, усындай орталықта дөретиўшилик етеди. Сонлықтан, шайыр шығармаларында бул еки-фольклор ҳәм Хорезм әдебий орталығының әдебий тәсири күшли болады.

Биз бул мақалада шайыр дөретиўшилигинде фольклорлық дәстүрлердиң интерпретацияланыўын таллаўға тартпақшымыз.

Көркем әдебиятта образ жаратыў ең тийкарғы ўазыйпа. Сөз шеберлери образ жаратыўда түрлише көркем әмеллерди қолланады. Сөз өнериндеги фольклорлық дәстүр де образ жаратыў ушын хызмет етеди. Бул әдебий дәстүрди образ жаратыўда қолланыўдың өзине тән өзгешеликлери бар. Фольклорлық дәстүр ямаса фольклорлық сүўретлеў тийкарында реаллық емес, ал идеаллық жатады. Халық сүйген батырларды, сулыўларды, ел басшыларын идеалластырып сүўретлеў ямаса инсаныйлық сезимлерди улыўмалық характерде сәўлелендириў фольклордағы тийкарғы принцип саналады. Шайыр фольклордағы усы идеалластырып сүўретлеўди дөретиўшилик пенен өзлестирип алады ҳәм өз қосықларында конкрет турмыс шараятларын улыўмалық емес, ал жекке тәғдирлер (лирикалық образлар) арқалы сәўлелендиреди. Бундай қосықларда ишки сезимлер, руўхый кеширмелер тиккелей «мен» тилинен сәўлелендириледи. Авторлық позициясы анық көзге тасланады. Ең тийкарғысы, көзқарас (точка зрение) биринши орынға шығады. Шайыр қандай теманы сәўлелендирмекши болса да, биринши нәўбетте жеке ой-пикир, кеширмелердиң көркем сәўлелениўине дыққат қаратады. Биз бундай өзгешеликлерди Бердақ шайырдың ҳәр бир шығармасында көремиз. Бердақ шайыр фольклордағы бир қанша идеяларды, темаларды, мотивлерди өз шығармаларына негиз етип алады. Мысалы, туўған жер, ўатан темасы, ел-халық ҳаққында жазылған Бердақ шайыр қосықлары публицистикалық характерге ийе болса да, оларда дидактикалық мазмун басым. Шайыр фольклордағы дидактизмди өз идеяларын сәўлелендириўде пайдаланады. Бердақтың нәсиятлаўшы лирикалық қаҳарманы жәмийеттеги күшли қатламлар алдында ҳақыйқатлықты айтыўдан, оларға туўры жолды көрсетиўден қайтпайды. Бул оның мусылманшылық, азаматлық парызы сыпатында көринеди. Бундай жәмийетеги социаллық жақтан әззи қатламға жақсылық етиў, қол созыў сыяқлы улыўма инсаныйлық идеясы менен Бердақ қаҳарманлары фольклорлық шығармалардан айрықшаланып турады. Бул өз гезегинде Бердак шайырдың социал мәселелерде өз позициясында билдирип турады.

Туўры тутсаң нийетиңди,
Халыққа бурсаң бетиңди,
Сыйласаң ғәрип-жетимди ,
Шын азамат боладурсаң. (Қашан рәҳәтланадурсаң)

Залымлар тыңламас мөҳминниң зарын,
Олар ойлар өзлериниң оңарын,
Ҳеш ўақытта залым қолында барын
Жаратпаслар бар болса да халык ушын. (Халық ушын)

Шайыр шығармаларына тән және бир айырмашылық-ҳадал мийнетти жоқары қойыў, сол арқалы ерискен табысты улығлаў. Бул фольклордан алынған тема. Ҳадал мийнет тек күн-көриў ушын исленбеўи керек. Буны инсанның инсаныйлық келбети, пазыйлетлери инсанды тәрбиялайтуғын курал сыпатында көрсетиў баслы орынға шығады. Шайырдың «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Жақсырақ», «Халық ушын» қосықлары усындай идеясы жоқарылығы менен шайыр дөретиўшилигиниң индивидуаллығын белгилейди. Әсиресе, автор «Жақсырақ» қосығында ҳадал мийнеттиң бахыт алып келетуғын күшке ийе екенлигин көрсетеди.

Түргелип ертеден, жумысқа шығып,
Қолыңды кабартып, белиңди буўып,
Дизеңди сызлатып мийнетин шегип,
Жеген бир зағараң палдан жақсырақ.

Мийнетсиз дүнья излеме,
Жанды отқа жағадурсаң,

Талап ислеп тап дүньяны,
Сүттен ақдур билсең аны

Мийнет пенен жанды қыйнап,
Көрмей бир күн қонақ сыйлап,
Ишпей-жемей малды жыйнап,
Қашан рәҳәтланадурсаң?

деген қатарларда тек мийнет етпестен оны дурысырақ ислетиўде кеңес береди.

Ал шайырдың публицистикалық ой-пикирлери болса жекке инсанның жәмийеттеги ҳәм өмирдеги орны мәселеси ҳаққындағы көзқараслары менен ушласады. «Қуран» дағы жеке адам бахыты ҳаққында «инсан өмирдеги еки нәрсе менен бахытлы болады: бири өмирде орнын тапқанда, екиншиси өмирлик жолдас табыўында» деген пикирлер Бердақ та өзине тән оригиналлыққа ийе.

Малың болмаса қолыңда,
Жатар душпаның жолыңда,
Досларың шығып солыңа,
Ҳал-жағдайыңа қарамас. [1]

Бердақ шайырдың түсиниги бойынша инсанның жеке бахты, ырысқы несийбесинен ғәрезли. Тек ғана руўхый ҳәм материаллық жақтан ғәрезсизликке ийе болғанда адамның өмирден орын таба алатуғыны ҳаққында айтады. Бул мазмун жоқарыда шайырдың «Қарамас» қосығында кең түрде сәўлеленип, бул бағдардағы автордың позициясы бериледи.

Солай етип, Бердақ шайыр дөретиўшилигинде қолланылған фольклорлық дәстүрлер тийкарында жаңа мазмун ҳәм жаңаша формалар жүзеге келеди.

**Әдебиятлар**

1. Жәримбетов Қ .XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. -Нөкис: «Билим», 2004, 155-б.
2. Бердақ . Таңламалы шығармалары. -Нөкис: «Қаракалпақстан», 1987.
3. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977; Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. –Нөкис: «Қаракалпақстан», 1978.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолага Бердақ ижоди асосий тадқиқот объекти қилиб олинган. Унда шоирнинг фольклор анъаналаридан фойдаланиши ўрганилади. Ушбу масала бўйича муаллиф хулосалари баён қилинган. Муаммони ўрганишда адабиёт ва фольклор масалаларига бағишланган тадқиқотларга таянилган.

**РЕЗЮМЕ**

Объектом исследования в статье является творчество Бердаха. Рассматриваются использование поэтом фольклорных традиции. Автор статьи делает научные выводы по данному вопросу. В изучении вопроса за основу берутся труды по литературе и фольклору.

**SUMMARY**

The object of the research in the article is Berdakh's creative work. It studies the use of folklore traditions by the poet. The author's scientific conclusions on this issue are given. In studying the issue the author follows the works in which literature and folklore issues were analyzed.